



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO, GOUVÈNÈ MURPHY, GOUVÈNMAN LAMONT ANONSE ALIMAN POLITIK ETA YO POU PÒ YO AK CHANTYE BATO YO

Gouvènè New York la ki se Andrew M. Cuomo, Gouvènè New Jersey a ki se Phil Murphy ak Gouvènè Connecticut la ki se Ned Lamont, te anonse jodi a ke yo pral pèmèt pò yo, chantye bato yo ak manifaktirè maren yo ouvri pou itilizasyon pèsònèl depi yo swiv pwotokòl strik distans sosyal ak sanitè yo. Yo pa pral pèmèt sèvis oswa lokasyon moto maren yo, ak aktivite restoran nan sit sa yo dwe limite a anpote oswa livrezon sèlman, tankou nenpòt lòt kote nan twa eta yo. Anons sa a alinye politik twa eta yo sou sèvis patikilye sa a.

"Pandan tout pandemi sa a, nou travay sere ak zanmi nou yo nan eta vwazen yo pou aplike yon apwòch inifòm rejyonal pou diminye pwopagasyon viris la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Alinye politik nou yo nan zòn sa a se yon lòt egzanp nan patenarya fò sa a, epi nou pral ede asire pa gen okenn konfizyon oswa rezidan yon eta travèse al nan yon lòt' nan sa ki gen pou wè ak pò yo ak chantye bato yo."

"Nou angaje nou pou travay avèk patnè rejyonal nou yo atravè kriz sa a pou alinye politik nou yo lè ak kote sa apwopriye", **Gouvènè Murphy te deklare.** "Yon apwòch inifye se fason ki pi efikas pou diminye konfizyon pou rezidan eta nou yo pandan ijans sante kontinyèl la."

"Eta nou yo pataje mendèv, resous, transpò piblik, e nou tout pataje yon koneksyon sou dlo a", **Gouvènè Lamont te deklare.** "Sa a se deja yon lòt egzanp sou fason eta nou yo te pataje enterè yo, ki se tout rezon pou kolabore plis sou kalite desizyon sa yo. Desizyon sa a bay inifòmite atravè tout pò nou yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)